



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK ADMINISTRASYON BIDEN LAN ANONSE SIT
VAKSINASYON AN MAS KI DWE OUVRI NAN ETA NEW YORK, KI SIBLE
OGMANTE AKSÈ AK VAKINASYON EKITAB**

***Sit to pral sible kominote defavorize yo, yon pati nan efò Administrasyon Cuomo
ak Biden yo pou distribye vaksen yon fason ki ekitab e avèk efikasite***

Sit yo pral sèvi kòm modèl nasyonal pou distribisyon vaksen yon fason ekitab

***De Sit dwe vaksinen 3,000 Nouyòkè chak jou yo chak, yo dwe etabli nan Medgar
Evers College nan Brooklyn ak York College nan Queens***

***Eta New York ak Administrasyon Biden dwe idantifye lòt sit andeyò Vil New York
pou chak sit sa yo vaksinen 1,000 Nouyòkè pa jou***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te rejwenn Kowòdonatè Entèvansyon kont COVID-19 Mezon Blanch lan, ki se Jeffrey Zients ak Prezidan Gwoup Travay sou Ekite an matyè Sante COVID-19 Mezon Blanch (White House COVID-19 Health Equity Task Force) lan, ki se Doktè Marcella Nunez-Smith pou anonse ke sou demann Gouvènè a, Ajans Federal Jesyon Ijans la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) pral etabli de sit vaksinasyon an mas ki baze nan kominote a nan Medgar Evers College nan Brooklyn ak York College nan Queens - ki pral sèvi kòm yon modèl nasyonal pou distribisyon vaksen COVID la yon fason ekitab. De sit vaksinasyon an mas majè sa yo nan Vil New York pral vaksine apeprè 3,000 Nouyòkè chak jou sou yon peryòd uit semèn epi, menm jan ak sit Esatd Yankee a ki opere pa Eta a ak vil la nan Bronx, yo pral rezève sèlman pou rezidan yo nan minisipalite kote sit la sitiye a. Eta New York ap travay avèk FEMA ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo pou idantifye sit adisyonèl andeyò Vil New York yo pou lanse efò espesyal sible ki konsantre sou ekite vaksen ak amelyore aksè ak popilasyon ki vilnerab yo sou plan sosyal, yo chak dwe vaksine 1,000 Nouyòkè pa jou.

Sit sa yo pral sible kominote yo ak popilasyon yo ki istorikman defavorize pa sistèm swen sante tradisyonèl la ki te afekte pa COVID-19 yon fason dispwopòsyonèl. Lè nou ogmante aksè ak vaksen nan kominote kote ezitasyon vaksen ak pousantaj vaksinasyon yo pi ba pase lòt pati yo nan eta a, sit sa yo pral bati sou konsantrasyon Eta New York ak Administrasyon Biden lan pou vaksinen plis moun jan sa posib yon

fason ki jis epi ekitab nan kreye sal vaksinasyon nan anviwònman ke moun fè konfyans atravè patenarya ak lidè ak òganizasyon kominotè yo.

"COVID te kreye mare bas nan Etazini, epi li te ekspoze tout ledè, rasis estriktirèl la, enjistis ak disparite ki kache nan aspè ki pi pwofon li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen ke kominote koulè yo soufri pi plis epi depi premye jou a nou deja fè distribisyon jis ak ekitab vaksen an yon priyorite. De nouvo sit sa yo pral fè yon enpak dramatik sou kèk nan kominote nou yo ki frappe pi di ak ranfòse davantaj travay nou te deja ap fè sou tèren pou mete vaksen nan bra yo, epi nou rekonesan anpil anvè administrasyon Biden lanpou yo patenarya yo nan fè li rive."

Jeff Zients, Kowòdonatè Entèkansyon kont COVID-19 Mezon Blanch lan, te deklare, "Prezidan Biden ap mete ekite nan premye plan nan bantay la pou metrize viris la - nan fè patenarya ak eta yo pou ogmante vaksinasyon kominote ki frappe pi di yo ak kominote ki difisil pou atenn yo. Sit vaksinasyon kominotè ke nou anonse jodi a se yon demonstrasyon de sa travay sa sanble ye sou tèren an. Nou apresye Gouvènè Cuomo, Lidè Majorite a Schumer ak Delegasyon New York la pou patenarya yo nan ede fè sit sa yo vin yon reyalye e nap tann pou konstwi plis sit toupatou nan peyi a pou rankontre moun yo kote yo ye a, nan lye yo konnen epi lye yo fè konfyans".

Doktè Marcella Nunez-Smith, ki se Prezidan Gwoup Travay sou Ekite an matyè Sante COVID-19 Mezon Blanch lan, te deklare, "Atravè nouvo sit vaksinasyon yo nou anonse jodi a, n ap pote repons lan dirèkteman bay kominote yo ki pi bezwen li. Nou ap aplike yon estrateji ekite konplè pou vaksine kominote nou yo ki defavorize epi ki pi difisil pou atenn ki gen ladan tou famasi yo, sant sante kominotè yo ak klinik mobil yo ansanm ak efò pou bati konfyans nan vaksen an pami kominote ki ezite yo. Nou pral asire ke pa gen moun ki rete deyè nan entèkansyon nou an".

David Maurstad, ki se Administratè Pa Entrim Rejyon 2 FEMA a, te deklare "Nou te travay an kolaborasyon ak kontinyèlman nan dènye ane a avèk patnè Eta New York nou yo nan batay kont COVID-19 la Deplwaman vaksen an se pwochen faz nan batay la ke nou ap fè fas ak li ansanm. Nou pral sipòte eta a nan vaksine tout Nouyòkè ki vle yon vaksen yon fason san danje epi ekitab. Nou espere travay avèk Gouvènè Cuomo pou idantifye lòt lye pou sèvi lòt kominote yo toupatou nan eta a".

Pandan ke COVID-19 te gen yon enpak ki lakoz domaj sou nasyon an nan tout entegralite li, kominote pòv yo ak kominote koulè yo te patikilyèman devaste pa viris sa a, kote moun Nwa ak Latino yo mouri nan yon pousantaj ki pi wo pase moun blan yo. Depi nan konmansman an pwosesis distribisyon vaksen an, yon lòt tandans ki bay prewokipasyon te parèt - [ezitasyon alega vaksen an](#), espesyalman nan kominote Nwa a. Avèk yon gwo kantite travayè esansyèl ki soti nan kominote koulè yo, Nouyòkè sa yo ap fè fas a yon risk ogmante pou kontrakte viris la tou senpleman akòz nati travay yo. Sa te fè li pi enpòtan toujou pa sèlman pou kontinye travay pou mete konfyans nan vaksen an, men tou pou kraze baryè aksè yo epi asire ke li disponib dirèkteman anndan kominote sa yo.

Avèk sipò FEMA, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (U.S. Department of Health and Human Services), Depatman Defans (Department of Defense) ak lòt ajans federal yo, sit sa yo pral mobilize anplwaye klinik ak non-klinik federal yo ak kontraktè ki pral travay avèk Gad Nasyonal la, Eta New York, lidè lokal yo, ak òganizasyon ki baze nan kominote yo pou etabli ak opere sit sa yo. Yo pral prepare chak kote pou satisfè bezwen kominote espesifik li ap sèvi a.

Sit yo an devlopman kounye a. Enfòmasyon sou orè, dat ouvèti, ak èdtan yo fonksyone yo pral disponib nan jou kap vini yo.

Reveran Al Sharpton, ki se Fondatè ak Prezidan Rezo Aksyon Nasyonal la (National Action Network), te deklare, "Nou trè rekonesan anvè Prezidan Biden ak Gouvènè Cuomo pou lidèchip yo. Lè ou genyen yon moun nan Mezon Blanch lan ki gen yon konpreyansyon klè sou sitiyasyon an, ak yon patnè nan New York ki ap goumen pou ekite vaksen an se yon resèt pou siksè. Li fè tout diferans lan nan mond lan - yon kesyon lavi ak lanmò".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Lig Nasyonal Iben an, Marc H. Morial, ki ko-prezide Gwoup Travay pou Ekite Vaksen New York la, te deklare, "Dè deseni rasis estriktirèl nan sistèm swen sante nou an te alimante yon pwofon mefyans nan sistèm sa a nan mitan Ameriken Nwa yo. Gouvènè Cuomo ak administrasyon Biden lan non sèlman pran angajman pou simonte alafwa rasis ak mefyans, yo ap relye angajman sa a ak resous yo. Mwen fyè pou mwen travay avèk lidèchip ki priyorize sante piblik sou politik. Ansanm, nou pral defye pandemi an".

Derrick Johnson, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NAACP te deklare, "NAACP ankouraje pa efò kontinyèl enpòtan Gouvènè Cuomo yo pou bay soulajman pandan kominote Nwa yo kontinye pote fado pandemi sa a. Ofisyèl New York yo ak Administrasyon aktyèl la ap trase yon egzanp sou sa lidèchip reyèl sanble nan moman sa a. Yo te fè endike klè ke kontrekare viris ki ka touye moun sa a ak konseye eta yo nan tout peyi sa a pou travay an tandèm pou elimine COVID-19 se yon priyorite prensipal".

Gouvènè Cuomo te fè distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la yon priyorite prensipal depi nan kòmansman pwosesis sa a. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Dènyèman, New York te dirije devlopman yon [sit vaksinasyon an mas nan Estad Yankee](#) an patenarya ak Vil New York, New York Yankees, SOMOS Community Care ak Gad Nasyonal New York, espesyalman pou rezidan yo nan Bronx lan, ki pa sèlman kontinye mentni pi wo to pozitivite COVID-19 nan Vil New York, men tou gen anpil katye

ki konsidere kòm 'dezè an matyè swen sante.' Pandan premye semèn fonksyònman li an, yo te rann 15,000 randevou disponib pou rezidan Bronx ki kalifye yo.

Anplis de sa, New York te etabli plis pase 70 sit vaksinasyon 'tanporè' ki baze nan kominote a nan legliz yo, sant kominotè yo ak konplèks lojman piblik yo dirèkteman nan kominote yo toupatou nan eta a ki te defavorie pa sistèm swen sante tradisyonèl yo. Depi 15 janvyè, sit sa yo te pèmèt apeprè 30,000 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen COVID-19 pa yo nan sit tanporè sa yo ki baze nan kominote a. Aprè administrasyon premye dòz yo, yo re-etabli sit yo twa semèn pita pou administre dezyèm dòz yo.

New York pral kontinye etabli sit tanporè sa yo jiskaske yo mete yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Granmoun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo, ki loje plis pase 7,600 granmoun aje. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kiltirèl ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)